



Grades K-8 Procedure

Kirundi



K-8 Itegugwa ry'amanota y'igice ca Spring

- Abarimu b'umwaka wa K-8th bazotunganya amanota y'ivyigwa vyakozwe mbere y'itariki 12 z'ukwa Gatatu, 2020 (umunsi wa nyuma KCS yakoze mbere yuko Guverneri atanga itegeko ryo kugara amashuri) hanyuma bazorangize gushira hamwe amanota y'igice ca gatatu ku tariki 22 z'ukwa Kane, 2020.
- Imiryango ishobora kubona amanota y'igice ca gatatu ku tariki 24 z'ukwa Kane, 2020.
- Amanota y'igice ca gatatu azoharurigwa hamwe nayo babonye mbere y'ubunani bace babone amanota yose ya nyuma y'abanyeshuri. Abazobona “U” canke “F” bazobaha “I” (incomplete) ivuga ko atabikoze.
- Nimba umunyeshuri yarabonye “I”, ashobora kubisubiramwo amashuri atanguye. Imiryango ishobora guhitamwo kuvugana na principal bakarabira hamwe ukugene umunyeshuri azoja abona ivyo akora kugira ngo aduze amanota yiwe mbere y'itariki 9 z'ukwa Cumi, 2020 (igice ca mbere c'indwi 9 kirangiye). Nyuma y'itariki 9, ntakizongera gukogwa kuri ayo manota.)
- Abafata ivyigwa vya High School muri Middle School hazokwirikizwa ivy'abo muri High School batari mu mwaka wa nyuma.
- Igihe tumaze amashuri yugaye kubera COVID-19 ntibizoba impamvu yo gutuma umunyeshuri asubiramwo uyu mwaka. Icemezo co kutimuka kizofatwa hakurikijwe amanota y'ishuri n'ibiganiro vyakozwe mbere yuko amashuri yugara.